

# **Ki moun ki kapab aplike pou resevwa Affordable Care Act Marketplace Insurance?**

Gen anpil moun ki kalifye pou resevwa ACA marketplace insurance.

## **Tankou:**

- Sitwayen Ameriken
- Refijye
- Moun ki pran azil
- Víktim vyolans domestik oswa trafik moun (U ak T visa)
- Moun ki gen viza travay, tankou H-2A
- Kiben ak Ayisyen
- Moun ki gen Stati Pwoteksyon Tanporè (TPS)
- Moun ki rezidan pèmanan/moun ki gen kat vèt (green cards)

Imigran san papye ak moun ki gen estati DACA (Deferred Action for Childhood Arrivals) **pa kalifye.**

# Èske gen lòt kondisyon?

Ou dwe ap viv oswa travay nan zòn kote ou aplike pou asirans lan.

→ Si ou ale viv yon lòt kote oswa nan yon lòt eta, sa ka mande pou chanje asirans sante ou. Eseye mande ki opsyon ou genyen!

Si konpayi kote ou ap travay la ofri ou asirans sante, ou kapab achte asirans sante nan ACA marketplace. Men ou ka pa resevwa èd finansyè pou sa.

## Ki lòt moun ki ka benefisyé nan asirans sante mwen an?

Ou kapab achte asirans sante poutèt ou, oswa ou ka mete lòt manm nan fanmi ou ki ap viv Etazini sou asirans lan.

**Poze kesyon pou konnen ki plan asirans ki pi bon pou ou ak fanmi ou.**

# E si fanmi mwen genyen yon estati ki melanje?

Malerezman, ACA marketplace pa kapab kouvri manm fanmi ou ki pa gen papye oswa ki gen DACA.

Sepandan, ou sèlman gen pou bay dokiman pou moun asirans sante a dwe kouvri. Pa egzanp:

- Si ou aplike pou asirans pou pitit ou yo sèlman, ou pa oblige bay enfòmasyon sou tèt ou.
- Si ou aplike pou tèt ou sèlman, ou pa oblige bay enfòmasyon sou moun ki nan fanmi ou.

**ENPÒTAN:** Ou SÈLMAN dwe bay nimewo Sekirite Sosyal pou moun ou vle resevwa asirans sante. **Li pa nesesè pou reponn kesyon sou lòt moun**, menm si yo mande ou!

# ENPÒTAN

**Si ou gen ACA marketplace insurance  
oswa Medicaid, resevwa sipò finansye,  
sa pa afekte abilite ou genyen pou vini  
yon rezidan pèmanan legalman oswa yon  
sitwayen Ameriken.**

Espas vid pou enfòmasyon/resous lokal yo

Ale sou sit [www.healthcare.gov](http://www.healthcare.gov) oswa rele  
nivewo sa 1-800-318-2596  
*Asistans Disponib nan lang Kreyòl Ayisyen.*

